



Imaj Bèt la

Imaj ta dwe defini kòm yon reprezantasyon oswa yon reproduksyon de yon bagay ki egziste. Imaj se yo mo ki soti nan Latin "imago" imago se yon sòt de moul, ki fèt ak lasi, ke yo mete sou figi yon moun ki mouri nan lide pou yo prezève karakteristik li. Avèk moul sa a yo ka reproduwi pòtrè oubyen imaj moun ki mouri sou fòm yon mas.

Imaj se tou yon reprezantasyon eksteryè de yon moun oswa yon bagay : ki kapab swa yon estati, yon eskilti, efiji; penti, foto, pòtrè, desen elatriye...

Imaj kapab tou yon reprezantasyon oubyen yon reproduksyon de ide ki andedan tèt yon moun. Ide se yon bagay ki aparamman envizib. Men li pa enposib pou'w t'a ka reproduwi ide yon moun. An reyalyte, malgre tout fòm abstrè ke yon ide ka pran, li se tou yon imaj mantal ke tout moun ka wè, ide se yon visyon mantal ke tout moun kapab manyen. E se la ke etid sa a pral kòmanse,

Lè yon moun ouvè zye enteryè li yo, sa vle di zye ki ka wè sa ki andedan tèt li ; moun sa a kapab asiste ak devlopman imajinasyon ki soti nan memwa'l. Nan memwa yon moun, li ka jwenn bagay ki fè'l imajine ak asiste deroulman aksyon ki te fè'l kontan; lè sa a moun kap swiv li kapab wè ke l'ap souri. Konsa tou li ka imajine ak asiste deroulman aksyon ki pa't fè'l plezi; moun kap swiv li kapab wè ke l'on tijan tris. Paske lòm nan kapab chanje ide, gen anpil moun ki reyaranje imajinasyon yo, yo ajoute sa yo remen e retire sa yo pa renmen. Rekonstwiksyon imajinasyon sa yo te vi-n posib daprè nouvo panse kwayans ak konviksyon moun sa a vi-n genyen. Gen yon seri de imaj ki konsyamman vivan nan memwa nou, imaj de yon bagay ki pase e ke nou kapab chanje direksyon yo daprè nouvo dezi ke'n vi-n genyen. Ebyen lè devlopman imaj sa yo ap deroule nan tèt ou, nan zye ak zòrèy enteryè ou yo, ou ka wè ak tande tou sa kap pase andedan tèt ou. Se tout bagay sa yo ke nou rele imajinasyon. Imajinasyon se deroulman tout panse kap pase nan tèt yon moun, men ke moun sa a gen pouvwa pou'l òganize selon sa'l vle: **"O! Molyè! Ou lwen papa! Sa k'ap pase nan tèt ou konsa a ù" Monchè, yon bagay ki pase nan tèt mwen la a, e'm t'ap imajine kòman pou'm rezoud pwoblèm sa a. Repons Molyè a montre ke'l t'ap imajinen yon solisyon; Imajinasyon sa a se yon visyon mantal.**

Vizyon natirèl

Vizyon mantal se yon fenomèn natirèl, ki reprezante imajinasyon nou e ki dirije pa dezi nou yo. Men lè visyon an rete mantal, li se yon visyon inik ki kapab asiste e dirije pa yon sèl moun. Men lòm nan te toujou òganize'l yon jan pou'l reproduwi imajinasyon'l yo, yon fason pou'l ka montre yo bay lòt moun. Soti nan moun ki t'ap viv nan kavèn jiska moun kap viv nan palè, yo te toujou chèche yon jan pou yo materyalize oubyen eksteryorize imajinasyon yo. Moun ki t'ap viv nan kavèn yo te konn ap grave imaj sou wòch, konsa ekriti te vi-n pran nesans; e penti ak fotografi te vi-n ajoute plis vi nan jan nou reprezante visyon mantal nou yo. Men lèzòm pat rete la, toujou nan lide pou yo eksteryorize ide yo, yo vi-n avèk teyat, yo pote sinema, televizyon, entènèt elatriye...Nou tèlman vi-n fò nan transfòm ak materyalize imajinasyon nou yo, ke jodi a nou tout kapab manyen ide youn ak lòt. A chak fwa ke'w antre an kontak avèk yon envansyon imen, ou dirèkteman touche ide ki soti nan tèt yon moun. Jounen jodi a ide lèzòm yo vi-n reyèl, yo visyèl e nou menm kapab manyen yo. Se ide nou yo ki bannou tout sa ke nou genyen jodii a. Se avèk ide nou yo ke nou edike tèt nou ak pitit nou yo. Se ak ide nou yo ke nou jwe, se yo ki fè nou ri, e se yo ki fè nou kriye.

Pa gen okenn nouvo teknik de reproduksyon ki vi-n ranplase sa ki te la avan an. Imaj nimerik yo « entènèt » pa ranplase televizyon, televizyon pa ranplase sinema, sinema pa ranplase teyat; menm jan an ke fotografi, penti, desen pa ranplase visyon mantal yo. Se yon evolusyon ki demontre ke si lèzòm jwenn tan, yo kapab eksteryorize imajinasyon yo yon fason ki pi klè.

Lefèt ke nou te kreye "nan imaj" oswa "resanblans" Bondye, tou senpleman vle di ke nou te kreye ak abilite'l yo. Adan pa't sanble ak Bondye paske Bondye te chè ak san, men paske Bondye te kreye'l pafè pou'l te viv etènèlman menm jan avèk Li. Nou te kreye ak imaj Bondye paske'L te bannou yon Espri ki te siperyè ak tout kreyasyon an, e konsa nou te resevwa otorite pou'n domine sou li; menm jan Bondye gen dominasyon sou tout bagay.

Lòm nan te kreye ak rezon ki te pèmèt yo kapab reflechi pou yo pran bon jan desizyon e fè bon chwa san fot e san erè, kapasite sa yo deklare ke nou te fèt nan resanblans Bondye. Pa gen anyen ke Bondye kreye ki pa "bon," chak fwa Adan te pran yon chimen ki dwat, e fè tout sa l'ap fè avèk pèfeksyon, tankou bay yon pye bwa oswa bay yon bèt yon non ki koresponn ak nati reyèl yo, te pwoklame ke'l te kreye nan imaj Bondye. Paske sa'l te fè yo te bon. Moralman, lòm nan te kreye pafètman jis, sa te reflekte sentete Bondye. Konprann byen Chak fwa yon moun ekri yon lwa k'ap pote jistis, e ki proteje malere avèk moun ki fèb, konfime ke moun sa a te kreye nan imaj Bondye. Paske sa'l fè a li bon.



Nan jaden Edenn lan, Adan te gen bon jan relasyon ak amoni avèk Bondye. Lòm nan pa't kreye pou'l te viv pou kont li, men pou'l te rete nan amoni ak bon jan renmen pou tout moun. A chak fwa yon koup marye viv nan renmen youn pou lòt e anseye timoun yo pou yo mache nan respè ak lanmou; e pou yo renmen pwochen yo menm jan yo renmen tèt yo, demontre ke yo te kreye nan resanblans Bondye. Imaj sa yo, se yo ki te konn enspire nou, se yo ki te konn dirije nou, se yo ki te konn kondisyon lavi nou, jiskaske dezobeyisans jwenn plas li nan Èv, e dezòd vi-n abite nan kè nou. Bèt ki monte soti nan lanmè a, monte nan tè a nan lide pou'l detwi e dezòganize tout sa Bondye te fè. Avèk anpil fo mirak dezyèm bèt la pral fè moun ki sou tè a kreye yon imaj pou premye bèt la, pou'l ka ranplase imaj Bondye nan kè lòm **pa imaj bèt la**. Men se kòman ke'l te planifye pou'l fè sa ? se pa yon bagay k'ap fasil ; Pou'n ka konprann kesyon sa a, mwen pral fè sa nou rele nan bon jan kreyòl **yon rale mennen vini**.

Jezi te voye disip li yo al preche bon nouvèl la nan tout vil yo. Lè mesye yo te tounen yo t'ap esplike Senyè a kòman nan non li ke tout demon te koube anba otorite yo. E Jezi te di yo:

18 E li te di yo, mwen te wè Satan tonbe sot nan syèl la menm jan ak eklè. [Lik 10:18](#)

Pawòl sa a ki di ke Satan tonbe sot nan syèl la tankou yon kout eklè a, revele yon pakèt sekrè. Pou'n ka dekouvri sekrè sa yo nou bezwen konprann kòman ke yon eklè reyaji. **Premyèman** eklè deplase ak anviron 1/10 vitès limyè, sa ki reprezante apeprè 40,000 km/s. Lefèt ke Senyè di ke li te wè Satan sot tonbe nan syèl tankou yon eklè, demontre nou ak ki vitès ke Bondye te chase'l nan syèl la. E Senyè a te vle disip li yo konprann ke nan non li tout demon ap chase ak menm vitès la. **Dezyèmman** eklè bay enpresyon ke'l se yon limyè, lè'l reyaji ou ta ka di ke'l gen pouvwa pou'l chase fènwa. Epoutan aparsyon yon eklè pa dire plis ke ¼ segonn. Reyaksyon sa yo prouve kijan dyab la gen pouvwa pou'l twonpe, nan fè tèt li pase pou zanj limyè, men ki pa kapab montre pèsòn ki chimen pou yo pran. **Twazyèmman** eklè gen yon pouvwa destryiktè. Se yon dechaj elektrik ki pouse apeprè 300 milyon vòl, eklè se yon dife ki gen gwo kapasite pou'l boule tout sa ke'l tonbe sou li. Mwen pa kwè ke nou bezwen'm konvenk nou ke eklè avèk kouran elektrik se menm ke yo ye ; e nou pa bezwen'm di nou nonplis ke kouran elektrik se dife ; yon dife ki sot nan syèl la e ki desann sou tè a. Tande sa pawòl la te di : **13** E li te fè anpil gwo mirak, jiskaske'l fè **dife** soti nan syèl la desann sou tè a devan je tout moun. [Revelasyon 13:13](#)

Ebyen dife sa a ki te soti nan syèl la pou'l desann sou tè, se kouran elektrik li ye. Nan lane 1750 te gen yon ameriken ki te rele Benjamin Franklin ki te konvenki ke eklè ak elektrisite se menm ke yo ye, li te ekri yon pwotokòl ki ta pral pèmèt li fè yon eksperimentasyon ki t'a pral revele yon pakèt bagay. Fòm di nou ke jouk jounen jodi a, men espesyalman nan 17^{èm} syèk lan te gen anpil domaj ki te konn fèt pa kout eklè ki te konn boule kay abitan yo. Moun ki te gen konesans relijye yo te deklare ke aksyon sa yo se aksyon Bondye k'ap pini mekan ak pechè. Men Benjamin F. ki te li menm rekonèt tèt li kòm yon kretyen tou, pa't kwè nan malediksyon sa yo paske li te si ke eklè yo te frape ak boule kay ki te gen yon metal ki te atire yo. An 1752 Benjamin F. te monte yon kap ak yon ti fil fè ke'l te vlope ak yon twal swa ki te gen yon kle mare ladan li ki te relye avèk yo boutèy leyde; boutèy leyde se te premye fòm kondansatè ki te ka resevwa ak kenbe chaj elektrik. Boutèy sa a te konn itilize nan tan pase lè moun te fenk ak fè dekouvèt elektrisite. Se konsa lè eklè yo frape kap la li dechaje kouran ki pase nan fil la rive nan kle a e alimante boutey la ki te chaje. Benjamin F. rive prouve ke eklè ak elektrisite se menm ke yo ye. Se konsa ke Ben F. te vi-n fè lòt obsèvasyon ki t'a pral pèmèt li envante paratonè ki t'a pral bay tout moun yon souf nan safè kay yo k'ap boule anba kout eklè. Se sa'k fè ke jouk jounen jodi a, ke prèske tout kay nan Etazini gen yon paratonè ki kanpe sou tèt yo.

Bondye te gen tan revele bay Jan ke tout bagay sa yo pral rive lè'L te di ke dezyèm bèt la t'ap fè **dife** soti nan syèl la desann sou tè a devan je tout moun. Pawòl pwofetik sa yo te revele ke lèzòm t'a pral dekouvri elektrisite.

M'ap mande tèt mwen pou ki rezon, pou kisa ke lèzòm te fi-n viv plis pase 5700 lane san kouran elektrik, e ke se nan twa dènye syèk sa yo, ke nou vi-n fè konesans ak kalite gwo kokenn chenn dekouvèt sa a. Ebyen lèse'm di nou ke rezon an pa senp. Nan dènye syèk sa yo limanite rantrè nan yon nouvo mond, yon mond ki te predi pa pwofèt Danyèl (Danyèl 12:4) ki pral ranpli ak konesans. Kesyon an se sa'm pral di nou la a : èske se konesans pou fè byen oubyen konesans pou fè mal. Kolosyen 1 : 15 di ke Senyè Jezi se imaj Bondye envisib la. Nan pwòp vi pa Li, Li te vi-n pwojte imaj Papa a devan je tout moun, nan espwa ke nou va gade sou Li menm ki se imaj Papa pou'L te ka enspire nou, e kondisyon lavi nou daprè imaj ke nou wè yo. Èske lèzòm ap chwazi adore Jezi-Kris ki se imaj Bondye envisib la, oubyen èske lèzòm ap prefere adore imaj bèt la ? Tande sa :

14 E li twonpe yo menm ki rete sou tè a avèk bann mirak sa yo ke'l te gen pouvwa pou'l fè devan je bèt la ; li di ak yo menm ki rete sou tè a, ke yo t'a dwe fè yon imaj pou bèt ki te blese ak epe a, e ki te viv lan. **15** E li te gen pouvwa pou'l bay lavi ak imaj bèt la, pou imaj bèt la te ka premyèman pale, e dezyèmman lakoz depi se moun ki pa ta adore imaj bèt la ta dwe mouri. [Revelasyon 13 : 14-15](#)



Jan di nou (1 Jan 2 : 15) piga nou renmen mond lan ak tout sa ki ladan'l yo, si yon moun renmen mond lan, lanmou Papa a pa nan ou ditou. Pòl li menm di nan Women 12 : 2 pou'n pa konfòme nou tankou mond sa a ; men pou'n transfòme pa renouvèlman espri nou. Gen yon pwomosyon achane k'ap fèt pou sa ki nan nouvo mond sa a, lavi nou anvironen nan mitan yon bann imaj k'ap anseye nou pou'n renmen mond lan. Se pouvwa sa a ke dezyèm bè la genyen an, li bay lavi ak imaj premye bèt, e'l fè imaj la pale, konsa imaj la kapab konvenk nou pou'n renmen mond ak tout sa ki ladan'l yo. Wi televizyon se imaj sa a ke premye bèt la te di-n pou'n te fè a, se la ke tout moun chita pou y'aprann renmen mond lan. Se la ke tout imaj Satan yo ap pase, nan yon fason pou'l ka enpire nou e kondisyon lavi nou selon volonte li. TV se yon mal ki pa nesèsè, men tantasyon ke'l pote yo tèlman fò ke nou paka pase'n de yo. Dyab la konnen ke tan ki rete'l la kout anpil, li kreye yon zouti ki kapab pote imaj li yo toupatou nan mond ak yon vitès eklè. E manman, papa, pitit; piti kou gran, rich kou pòv, lib kou esklav chita devan yon TV pou y'adore imaj bèt la.

E se tout travay sa yo ke dife ki soti nan syèl e ki desann sou tè a te fè. San elektrisite youn nan bagay sa yo pa t'ap posib. Nouvo mond endistriyèl la pran naisans a pati de jou ke nou te dekouvri elektrisite. Konsa tout kalite endistri, faktori ak manifakti te pouse tankou djondjon. Pawòl la di ke dezyèm bèt la, aprè'l te fi-n fè dife sot nan syèl la desann sou tè a, li te envite limanite pou'l fè yon imaj pou premye bèt la, pou yo tout ka adore'l. Tout moun ki chita ap gade vyolans, mechanste, vòl, vyòl, krim, asasinasyon, konpetisyon, vanjans, enfidelite, inpidisite, pònagrafi, fi ak fi, gason ak gason, manti elatriye... konnen ke imaj abominab sa yo se imaj Satan ke yo ye. E lè yo fi-n ranpli nanm yo ak espri pa pwòp sa yo, y'al chèche yon kote pou yo pratike yo. Banm poze'w yon kesyon èske se imaj sa yo ke Bondye te vle ou menm ak pitit ou pou chita ap gade ? Oubyen èske'L te vle'w leve je'w gade Jezi kise imaj Bondye envizib la. Bondye bannou de chwa : gade ak imite Jezi kise imaj Li, pou'n ka vi-n sanble ak Li. Oubyen'n gade ak imite imaj bèt la pou'n ka sanble ak Satan. Mwen kwè ke gade ak imite Jezi se pi bon chwa ke'w te ka fè. M'konnen tou ke gen nan nou k'ap di ke se pa tout bagay nan televizyon ki pa bon, e m'ap dakò avèk moun ki di sa a wi ; men sonje ke fwi ke Adan ak Èv pa't dwe manje a se fwi ki gen konesans byen ak konesans mal. Si televizyon wap gade a ofri'w tou de konesans sa yo, wa konprann ki kalite fwi ke'w gen nan menm'w lan.

15 Piga'n renmen mond lan, ni anyen ki nan mond sa a. Si yon moun renmen mond lan, lamou Papa a pa nan li. **16** paske tout sa ki gen nan mond lan, anvi pou lachè, e anvi pou sa n'ap wè, ak ògèy nan vi sa a, pa soti nan Papa a, men nan mond lan. 1 Jan 2 : 15-16

Se vre ke moun ki pa adore imaj bèt la ap gen anpil pwoblèm : ou pap gen zanmi, fanmi'w pap avè'w, w'ap gen anpil limit nan sa w'ap fè ak sa w'ap achte, nan sa w'ap tandè ak gade, nan sa w'ap di, konvèsasyon'w yo pa'p enteresan, paske lang ou pran yon sèl direksyon, alòs ke lòm nan renmen pale sa yo pa konnen. Ou vire do bay mond lan, mond lan ap vire do ba ou tou, e preske tout moun ap mete an karantèn. Se egzakteman kondisyon sa a ke Satan kreye pou moun ki refize adore imaj bèt la ; se sa'k fè ke Jan te di depi se moun ki pa ta adore imaj bèt la ta dwe mouri. Se kondisyon sa a ke dyab la ap kreye ; men nan tout koze sa a, se kisa ke Bondye Papa a te di ; annou gade :

15 Sila k'ap mache nan lajistis, e ki ap pale nan la dwati, ki pa renmen genyen pa lafòs, ki sekwe men'l pou'l pa asepte kado, ki bouche zòrèy yo pou yo pa tandè pawòl sanginè, e ki bande je yo pou yo pa wè sa ki mal.

16 Se li k'ap abite nan lèwotè : defans li va minisyon ki fèt ak ròch : pen se sa l'ap jwenn ; dlo'l yo ap asire. Ezayi 33 ; 15-16

Sonje avan ke jezi (imaj Bondye envizib la) te monte nan syèl, Li te lese nou avèk yon pwomès : Li te di ke L'ap avèk nou tou lèjou jiskaske tout bagay fini. Amèn !